

Pwogram Sipleman Eta NYS OTDA (SSP)

## **DWA AK RESPONSABILITE REPREZANTAN YO TE NONMEN AN**

### **Kisa sa ye yon Repezantan yo Nonmen?**

Yon repezantan yo nonmen se yon moun oubyen òganizasyon ke ou kapab chwazi pou ede jere lajan SSP ke ou resevwa a, epi asire ke ou toujou ajou ak kondisyon SSP yo.

Li konplètman volontè pou ou genyen yon repezantan ke ou nonmen, EKSEPTÉ si moun k'ap resevwa SSP a se yon timoun ki minè, yon moun ke Tribinal Lajistis te deklare legalman kòm enkonpetan epi ki genyen yon gadyen ke Tribinal Lajistis te nonmen, oubyen lè yo estime ke li apwopriye anba pwosedi ki etabli pa Biwo Asistans Tanporè ak Andikape. Nan twa kondisyon sa yo, yo ekzije yon repezantan benefisyè ke yo nonmen.

Si ou resevwa alafwa benefis revni federal Revni Sekirite Sipleman (Supplemental Security Income (SSI)) ak benefis SSP yo, epi ou genyen yon repezantan benefisyè pou benefis federal ou yo, repezantan benefisyè ou an ap otomatikman nonmen kòm repezantan ou pou benefis SSP ou yo. Nenpòt chanjman nan sikonstans sa yo kapab fèt inikman pa Administrasyon Sekirite Sosyal (Social Security Administration (SSA)).

Repezantan yo nonmen yo pou pwogram SSP yo pa pral resevwa yon montan frè nan men Eta New York pou sèvis yo bay yo.

### **Kijan pou mwen Nonmen oubyen Ranplase yon Repezantan yo te Nonmen?**

Ou dwe ranpli Fòmilè Repezantan yo Nonmen an pou kapab nonmen yon repezantan ou te chwazi, ranplase repezantan ou te nonmen an, oubyen pou modifiye tip sèvis ke li kapab ba ou yo.

Se moun ki resevwa sèlman benefis SSP yo ki kapab itilize fòmilè sa. Chanjman repezantan yo pou moun ki resevwa benefis federal SSI yo dwe fèt atravè Administrasyon Sekirite Sosyal la.

### **Ki moun ki kapab vin yon Repezantan mwen te Nonmen pou Benefis SSP mwen yo?**

Repezantan ou te nonmen an li kapab nenpòt granmoun, ak eksepsyon sa yo:

- Si ou gen mwens ke 18 an, repezantan ou nonmen an li dwe swa se paran oubyen gadyen legal ou an.
- Si ou se yon granmoun ke Tribinal Lajistis te deklare legalman kòm enkonpetan, repezantan ou nonmen an dwe se gadyen ke Tribinal Lajistis lan te nonmen an.

### **Ki moun ki pa kapab Travay kòm yon Repezantan yo te Nonmen?**

- Moun sa yo ki gen yon manda pou krim eksepsyonèl ke yo te ba yo akòz yonn nan enfraksyon sa yo: Sove nan Prizon, Vwayaje pou evite pouwit lajistis, izòlman, ak Vwayaj pou ka mawon
- Kriminèl yo kondane yo
- Moun ke yo jije koupab fwod ki gen relasyon ak benefisyè yo
- Moun ki gen istorik pase de movèz itilizasyon benefis SSP yo
- Kreyansye moun k'ap resevwa benefis yo
- Moun ki gen yon manda darè kriminèl (oubyen an jiridiksyon ki pa defini krim tankou enfraksyon, yon krim yo kapab pini ak lanmò oubyen mete nan prizon pandan plis pase 1 an) ke yo mete pou arestasyon li.

Ou kapab chwazi pou ou chwazi nivo anplè repezantan ou te nonmen an pral kapab asiste ou nan ba li pèmision espesifik jan sa etabli anba la:

## 1. Benefisyè: Yon repezantan ki gen pèmisyon benefisyè pral:

- Resevwa epi jere benefis SSP yo ak pèmisyon moun k'ap resevwa benefis yo
- Kenbe yon rapò kontabilite sou benefis SSP yo ki te resevwa ak lajan ki depanse yo, epi bay rapò kontabilite sa a moun ki ap resevwa benefis yo oubyen bay Biwo Eta New York pou Asistans Tanporè ak Andikape (Office of Temporary and Disability Assistance (OTDA)) lè yo mande sa
- Itilize finansman ki resevwa yo ak pèmisyon moun ki ap resevwa benefis yo sèlman pou bezwen moun ki ap resevwa benefis yo
- Resevwa kopi tout anons ak fòmilè ke yo voye bay moun k'ap resevwa benefis yo
- Gen dwa jwenn enfòmasyon sou ka moun k'ap resevwa benefis yo, ak benefis li yo
- Rapòte chanjman yo ak pèmisyon moun k'ap resevwa benefis yo, pandan li konprann ke chanjman yo nan ka sa pa pral fèt baze sou enfòmasyon an
- Repezante moun ki ap resevwa benefis yo nan Odyans Lajistis

### Pèman benefis SSP yo

Si ou te volontèman chwazi pou repezantan ou te nonmen an jere finansman ou yo, ou dwe ranpli tou fòmilè Depo Dirèk lan pou benefis SSP yo. Finansman yo pral depoze nan kont bankè ki baze sou enfòmasyon ou te founi nan fòmilè sa. Yo fòtman rekòmande ke ou etabli yon kont konfyans oubyen yon kont komen ansanm ak repezantan ou te nonmen an.

Si moun k'ap resevwa SSP an se yon timoun minè oubyen yon granmoun ki gen yon gadyen ke tribinal lajistis chwazi, paran oubyen gadyen legal lan dwe ranpli tou fòmilè Depo Dirèk lan.

Si ou resevwa alafwa SSI ak SSP epi ou te genyen deja yon repezantan benefisyè ke Administrasyon Sekirite Sosyal te chwazi, y'ap kontinye depoze benefis SSP ou yo nan kont repezantan benefisyè ou an te etabli an.

### Responsabilite Repezantan Benefisyè yo te Nonmen an:

- Itilize tout benefis SSP yo pou reponn a bezwen moun k'ap resevwa benefis yo oubyen (Si sa pa nesèsè nan moman an) ekonomize yo pou bezwen fiti li yo
- Asire ke pòsyon Alokasyon Bezwen Pèsonèl yo ki soti nan benefis SSP yo itilize pou reponn a bezwen moun k'ap resevwa benefis yo pandan l'ap viv nan sant ebèjman yo
- Ranbouse tout benefis repezantan yo te nonmen an te mal itilize oubyen ki te koze akòz li te peye an plis
- Rapòte chanjman/evèman yo ki ka gen enpak sou elijibilite SSP a ak montan pèman, epi pou ranvwa benefis ke moun k'ap resevwa SSP a pa otorize jwenn
- Ranpli yon rapò sou revni moun k'ap resevwa SSP a, oubyen revni paran moun k'ap resevwa SSP a oubyen madanm li si sa aplikab, lè yo mande sa pou objektif kontabilite yo. Biwo Eta New York pou Asistans Tanporè ak Andikape (Office of Temporary and Disability Assistance (OTDA)) an rezève dwa pou fè odit a nenpòt moman

## 2. Repezantan Odyans Lajistis: Yon repezantan ki gen pèmisyon Odyans Lajistis:

- Kapab repezante moun ki ap resevwa benefis yo nan Odyans Lajistis
- Pral resevwa yon kopi tout anons ak fòmilè ke yo voye bay moun k'ap resevwa benefis yo
- Kapab rapòte chanjman yo, pandan li konprann ke chanjman yo nan ka sa pa pral fèt san pi plis enfòmasyon oubyen dokiman moun k'ap resevwa benefis yo
- Kapab jwenn enfòmasyon sou ka moun k'ap resevwa benefis yo, ak benefis li yo

**3. Repezantan Enfòmatif sèlman:** Yon repezantan ki gen pèmasyon pou bay enfòmasyon sèlman:

- Pral resevwa yon kopi tout anons ak fòmilè ke yo voye bay moun k'ap resevwa benefis yo
- Kapab rapòte chanjman yo, pandan li konprann ke chanjman yo nan ka sa pa pral fèt san pi plis enfòmasyon oubyen dokiman moun k'ap resevwa benefis yo
- Kapab jwenn enfòmasyon sou ka moun k'ap resevwa benefis yo, ak benefis li

Tout repezantan yo te nonmen yo, endepandamman ke yo te ba'l pèmasyon ou pa, dakò pou enfòmasyon pwogram SSP an lè:

- Moun k'ap resevwa SSP an mouri
- Moun k'ap resevwa SSP an chanje kondisyon lavi li
- Moun k'ap resevwa SSP an pa responsabilite repezantan yo te nonmen an ankò
- Repezantan yo te nonmen an pa kapab aji ankò kòm yon repezantan yo te nonmen
- Repezantan yo te nonmen an chanje adrès postal li an
- Repezantan yo nonmen an ap diskalifye akòz nenpòt nan rezon ke yo sot mansyone pi wo la yo nan seksyon ke yo rele **Ki moun ki pa kapab vin yon Repezantan yo te Nonmen**

Repezantan yo nonmen an dakò pou li asiste ak pwosesis nouvel detèminasyon peryodik elijibilite moun k'ap resevwa benefis yo, ansanm ak pèman yo. Yo kapab mande repezantan yo nonmen an evidans pou asiste SSP nan pwosesis nouvel detèminasyon an.

Ou gen lòt kesyon toujou, oubyen vle fè chanjman moun ki se repezantan ou nonmen an oubyen nan pèmasyon li yo? Rele nou nan 1-855-488-0541 oubyen vizite sitwèb nou an [www.otda.ny.gov/program/ssp](http://www.otda.ny.gov/program/ssp).